# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

कड़ेर सुरक्षा व्यवस्था अउर निगरानी के साथे कई जिला में आजु आरक्षी नागरिक पुलिस–2023 क सीधी भरती बदे पहिला दिन्न क परीक्षा पूरा भइल। बिहने क सथहीं 25, 30 अउर 31 अगस्तों के सढ़सठ जिला क एक हजार एक सौ चौउहत्तर सेंटर पे ई परीक्षा होई। प्रदेश क डीजीपी प्रशांत कुमार के सथही संबंधित जिला क डीएम, एसएसपी आ अउरियों अधिकारी परीक्षा केन्द्रनन के निगरानी कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निर्देस पे परीक्षा केन्द्रन के लग्गे हॉट स्पॉट क निगरानी ड्रोन कैमरा से करावल जा रहल हौ। सुरक्षा बदे तकनीक क प्रयोग कइल जा रहल हौ। येह परीक्षा में 48 लाख 17 हजार 441 अभ्यर्थी पंजीकृत हवें। येह में उत्तर प्रदेश के बाद सबसे बेसी दो लाख 67 हजार 296 अभ्यर्थी बिहार के हवें।

परीक्षा से जुड़ल सिकाइत चाहें जनकारी बदे हेल्पलाइन नम्बर जारी कइल गइल हौ। ई नम्बर हौ शून्य पांच दो दो – दो छह एक एक एक एक सात अउर शून्य पांच दो दो – दो छह एक एक एक एक आठ, अउर शून्य पांच दो दो – दो छह एक एक एक एक नौ। तीनों नंबर लखनऊ कलेक्ट्रेट में बनल कंट्रोल रूम के हवे। प्रदेस सरकार के मोताबिक पुलिस परीक्षा में सामिल होखे बदे कई प्रदेस से आ रहल अभ्यर्थियन खातिर पुरहर इतेजाम कइल गइल हौ। रेलवे आठ गो स्पेशल ट्रेन चला रहल हौ। कुछ ट्रेन देरी से चलावल जाई। रोडवेज के बस में अभ्यर्थियन के प्रवेस पत्र देखवले पे फ्री यात्रा करावल जाई।

**********

पोखरा से काठमाण्डू जा रहल गोरखपुर जिला क नम्बर वाली बस आजु मर्सियांगडी नदी में गिरले से 14 यात्रियन क मउति हो गइल जबकि कई यात्री घाही हो गइल हवें। येह बस में महाराष्ट्र के चालीस यात्री अउरि चालक परिचालक के लेके 42 लोग सवार रहलें। मुख्यमंत्री के निरदेस पे राहत आयुक्त जीएस नवीन कुमार नेपाल के अधिकारियन से बाति कइले हवें। नेपाल में तैनात भारतीय पुलिस सेवा क सीनियर अधिकारियन के साथे तालमेल बनावत यात्रियन बदे राहत अउर बचाव क काम कइल जा रहल हौ।प्रदेस सरकार के ओरि से महराजगंज क एसडीएम अउरि सीओ के उहवां भेजल गइल हौ।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नई दिल्ली में उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ से सिस्टाचार भेंटि कइलें। उहां के भिन्नहीं उपराष्ट्रपति के आवास पर पहुंचि के उनकर हालचालि जनलीं। ओहीं उपराष्ट्रपति मुख्यमंत्री के कामकाज क सराहना करत उनके अगुआई में यूपी के विकास कॉडल क तारीफ कइलें।

**********

प्रदेस क पसुधन अउर दुग्ध विकास मंत्री धर्मपाल सिंह आजु बनारस में पत्रकार वार्ता में कहलें कि उनकर मंत्रालय मवेसियन के पुरहर चारा बदे चारा नीति बनवले हौ। एहमें वन विभाग क खाली जमीनि आ अउरियो सरकारी जमीनि पर हरियर चारा क इंतिजाम कइल जाई, जवने से मवेसियन क पुरहर पोसण हो सके। उहां के कहलीं कि गाय पाले बदे प्रोत्साहन के रूप में प्रदेस सरकार कृषक नंदनी योजना सुरू कइ रहलि हौ। एकरे तहत जवन पसुपालक अउरियो राज्यन से गीर चाहे अउरियो बढ़ियां नसल क गाय खरिदिहें त उन्हें हर गाय पर अस्सी हजार रूपिया क अनुदान मिली। एक किसान के दुइये गाय बदे ई अनुदान मिल सकी।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु पहिला राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस मनावल गइल। येह मौका पर विद्यालयन में गोस्ठी अउर व्याख्यान के जरिया से नौजवान पीढ़ी के अंतरिक्ष के बारे में जनकारी दीहल गइल। पछिला सालि येही तारीख के चन्द्रयान–3 मिसन क बिक्रम लैण्डर चनरमा के सतह पर लैंडिंग कइले रहे। ओहर, मुख्यमंत्री अपने बधाई सनेसा में कहले हवें कि अजुये के दिन्ने सालि भर पहिले देस क महान वैज्ञानिक लोगि अनूठी प्रतिभा, कौसल अउर कड़ेर मेहनति से चनरमा पर चन्द्रयान–3 क सॉफ्ट लैंडिंग करवा के एगो नया कीर्तिमान रचलें। देस क येह अभूतपूर्व उपलब्धी के सम्मान में तेइस अगस्त के राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस मनवले क फैसिला कइल गइल रहे, जवन कि देसवासियन खास कर नौजवानन के विज्ञान अउर तकनीक के क्षेत्र में लगतारे प्रेरित कइ रहल हौ।

**********

रक्षा मंत्रालय महानिदेसालय पुनर्वास के ओरि से कानपुर क एमटी पार्क इन्फेन्ट्री बटालियन में आजु पूर्व सैनिक रोजिगार मेला क आयोजन कइल गइल। सेन्ट्रल कमांड क लेफ्टिनेंट जनरल मुकेश चड्ढा बतवलें कि रोजिगार मेला क उद्देस्य पूर्व सैनिकन के रोजिगार बदे दुसरका मौका दीहल हौ।

**********